

RINGKESAN

Dina Kurikulum 2013 demonstrasi naskah drama teh nyaeta mangrupikeun kaahlian dina cumarita. Patali jeung babaran nu luhur, panulis tataji keur ngalaksa-nakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngademonstrasikeun naskah drama ka-layan merhatikeun eusi jeung undak usuk basana ngagunakeun metode role playing dina kelas XI SMAN 1 Jampangkulon taun akademik 2016/2017.

Masalah ku panulis rumuskeun nyaeta: 1) Naha mampu panulis rancanakeun, nerapkeun, sarta menteun pangajaran ngademonstrasikeun naskah drama ka-layan merhatikeun eusi jeung undak usuk basana ngagunakeun metode role playing di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon;? 2) Naha mampu murid-murid di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon ngademonstrasikeun naskah drama kalayan merhatikeun eusi jeung undak usuk basana?; 3) Naha efektif metode anu digunakeun dina pangajaran nga-demonstrasikeun naskah drama kalayan merhatikeun eusi jeung undak usuk basa di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon?

Metode panalungtikan anu ku panulis digunakeun nyaeta metode tipe pre-eksperimen jenis one group pretest posttest design kalawan tehnik panalungtikan, percobaan sarta tes. Hasil panalungtikanana nyaeta:

- 1) panulis bisa ngarancanakeun, nerapkeun, sarta ngajen pangajaran ngademonstrasikeun naskah drama kalayan ngagunakeun eusi jeung undak usuk basana ka-layan ngagunakeun metode role playing di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon. Hal ieu dumasar kana hasil peunteun rata-rata tina rencana jeung nu dilaksanakeun anu dihasilkeun panulis rata-rata 3,7 hal ieu kaasup kana golongan alus pisan/nyigemakeun (a);*
- 2) Murid-murid di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon mampu ngademonstrasikeun naskah drama kalayan merhatikeun eusi jeung undak usuk basana kalayan ngagunakeun metode role playing. Hal ieu dibuktikeun ku hasil rata-rata samemeh diajar nyaeta 60,02 jeung rata-rata hasil saberesna dibikeun pangajaran nyaeta 88,15 kalayan ningkat tina hasil memeh diajarkeun rata-rata 9,38%;*
- 3) metode role playing saluyu dipake dina pangajaran ngademonstrasikeun naskah drama kalayan merhatikeun eusi jeung undak usuk basana. Hal ieu dibuktikeun ku pangajen statistik $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ nyaeta $22,1 > 2,04$ dina tingkatan kapercayaan 95% kalawan saluyu pisan jeung nu dipihareup ku panulis 5% jeung darajat ka-bebasaan 29.*

Dumasar kana bukti-bukti nu aya, panulis nyimpulkeun nyen pangajaran metode role playing efektif dipake dina ngademonstrasikeun naskah drama kalayan ngagunakeun eusi jeung undak usuk basana di kelas XI SMAN 1 Jampangkulon.

Konci: Demonstrasi, cumarita, metode, role playing.